

# Fich enfòmasyon sou dwa ou yo

## Kòman pou mande pou mezi adaptasyon nan travay

*Anplwaye ki gen andikap gen dwa mande pou mezi adaptasyon pou anplwa pa yo a pi aksesib.*

### Kòman pou m mande yon mezi adaptasyon ki rezonab?

Ou sèlman gen pou w enfòme travay la ou bezwen pou gen yon mezi adaptasyon oubyen chanjman nan travay la pou yon rezon ki koresponn ak yon pwoblèm medikal. Li pa nesèsè pou w site ADA oubyen di "mezi adaptasyon rezonab."

Li pa nesèsè pou w fè demann lan alekri. Sepandan, li itil pou fè demann lan pa imèl oubyen sou papye pou w ka gen yon tras sou demann lan sizoka ta gen yon pwoblèm avèk pwosesis la pi devan. Konpayi kote w ap travay la gendwa ekri yon nòt oubyen yon lèt ki konfime demann ou fè a. Yo gendwa mande tou pou w ranpli yon papye si yo gen yon pwosesis presi pou suiv pou òganize tout dosye yo.

### Èske m dwe enfòme travay la mwen gen yon andikap?

Konpayi travay sèlman dwe founi mezi adaptasyon bay anplwaye ki gen andikap depi travay la okouran sou andikap la. Si w gen yon andikap e w bezwen yon mezi adaptasyon pou w fè aplikasyon pou pozisyon an oubyen pou w fè fonksyon fondamantal anplwa a, se pou w enfòme travay sa a.

### Konbyen enfòmasyon medikal mwen dwe gen pou m founi travay la?

Kèk moun gendwa vle gen yon limit sou kantite enfòmasyon medikal pèsònèl li bay travay la. Ou ka enfòmasyon travay la sou sa w gen difikilte fè, pwoblèm ki an rapò avèk yon andikap, e lide ou gen pou mezi adaptasyon. Sonje travay la gen tout dwa mande pou w bay plis enfòmasyon medikal, e si w pa founi sa ba yo travay la gendwa refize demann pou mezi adaptasyon ou an.

### Ki mezi adaptasyon mwen ka mande?

Yon mezi adaptasyon ede yon moun ki gen yon andikap gen chans egal nan kesyon anplwa. Konpayi travay dwe bay adaptasyon ki "rezonab". Li vle di ou ka mande pou tout mezi adaptasyon ki nesèsè poutèt andikap la e ki konsidere rezonab.

Kèk egzanp gendwa se orè travay ki modifiye, travay lakay, chanje dokiman pou fòmasyon oubyen politik òganizasyonèl, e amelyorasyon pou aksè nan yon espas travay.

Travay la dwe founi mezi adaptasyon amwenske sa ta yon gwo chay oubyen difikilte pou travay la. Yon gwo difikilte vle di yon mezi adaptasyon twò chè, enpòtan, oubyen deranje e ta gen yon enpak negatif sou jan konpayi a mache. Travay dwe pou yo konsidere resous e finansman pa yo pou deside si yon demann pou mezi adaptasyon ta yon prejidi ki pa jistifye.

# Fich enfòmasyon sou dwa ou yo

## Kòman pou mande pou mezi adaptasyon nan travay

*Anplwaye ki gen andikap gen dwa mande pou mezi adaptasyon pou anplwa pa yo a pi aksesib.*

### Kisa k ap rive si travay la refize demann mwèn fè pou mezi adaptasyon?

Si yon travay refize demann ou an, eseye aprann pou ki rezon pou w konnen kisa w fè. Ou gendwa gen pou w montre plis dokiman kòm prèv sou bezwen ou yo poutèt andikap la. Oubyen, si mezi adaptasyon an ta yon prejidi ki pa jistifye, eseye sijere lòt mezi adaptasyon.

Si w pa kwè travay la pa t gen yon bon rezon pou l refize demann ou an, oubyen travay la pa p di w rezon pou ki yo pa aksepte l, ou ka pale avèk yon moun ki wo plase nan konpayi a, kontakte sendika ou a si w nan youn, oubyen depoze yon plent bay U.S. Equal Employment Opportunity Commission (EEOC), Florida Commission on Human Relations (FCHR), oubyen òganism aplikasyon lalwa eta kote w ap viv la.

### Kisa k ap rive si m bezwen yon lòt mezi adaptasyon pi devan?

Mezi adaptasyon se yon pwosesis kowoperatif kontini. Ou ka mande pou plis pase yon mezi adaptasyon, e sa w bezwen gendwa chanje avèk letan. Travay dwe evalye chak demann pou mezi adaptasyon ki rezonab.

### Kisa k ap rive si travay la pran reprezay kont mwèn poutèt mwèn mande pou yon mezi adaptasyon?

Si travay la pran reprezay kont ou poutèt ou mande pou yon mezi adaptasyon, se pou w fè rapò bay yon moun nan pozisyon siperyè nan konpayi a oubyen nan ajans lan oubyen kontakte EEOC oubyen FCHR tousuit. Dwa ou yo anba pwoteksyon kont diskriminasyon ilegal sou kesyon anplwa.

### Kilè w dwe kominike avèk Disability Rights Florida

Si w viktim diskriminasyon sou kesyon anplwa ki an rapò avèk andikap ou a, ou ka kontakte Disability Rights Florida nan dokiman pou admisyon anliy oubyen rele n nan 800-342-0823 oubyen TDD nan 800-346-4127.